



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 1/11/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **14 YÈM PWOPOZISYON AJANDA 2016 GOUVÈNÈ CUOMO: OGMANTEN OPÒTINITE POU BIZNIS MINORITE AK SA FI YO POSEDE**

***Gouvènè a pouse pou aplike 30 pousan objektif MWBE yo pou tout kontra ke eta-  
finanse – non sèlman sila yo ke ajans ak otorite yo te pibliye – mete \$65 milya  
adisyonèl nan fon eta sijè a pi gwo objektif MWBE peyi a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te devwale siyati 14yèm pwopozisyon nan ajanda 2016 li a: ogmante opòtinite pou minorite ak biznis fi yo posede nan Eta New York.

Nan 2014, Gouvènè Cuomo te etabli yon objektif 30 pousan pou itilizasyon kontra MWBE eta New York – objektif ki pi elve nan nenpòt eta nan peyi a. Toutfwa, dapre lwa eta, objektif sa aplike sèlman pou kontra yo ki pibliye pa ajans yo nan eta ak otorite; li pa aplike a finansman ke eta bay lokalite yo tankou vil, konte, bouk, vilaj ak distri lekòl, sa ki konte pou apeprè \$65 milya chak ane. Ane sa, Gouvènè a avanse lejislasyon pou adrese dekonèksyon sa nan elaji objektif MWBE yo fikse pou lokalite ak antite ki gen sou-kontra avèk lokalite sa yo. Sa ap pèmèt nou ogmante pi gwo kantite finansman eta nan istwa pou konbat diskriminasyon sistemik epi kreye nouvo opòtinite pou patisipasyon MWBE yo.

“Nou dwe elaji pwogram MWBE nou an a tout lajan eta nan fason pou asire egalite ak opòtinite ekonomik,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Pwopozisyon sa ap ede minorite ak biznis fi posede yo fè konpetisyon pou yon lòt \$65 milya nan kontra eta. Sa a se osijè pou kontinye eritaj New York kòm yon lidè nasyonal sou jistis ekonomik, e mwen fyè paske m te dirije lit sa ankò ane sa.”

Depi li te antre nan administrasyon an nan 2011, Gouvènè Cuomo te transfòme pwogram MWBE eta epi ogmante aksè a opòtinite kontra enpòtan. Menm ane sa, pandan premye diskou Eta sou kondisyon Eta, Gouvènè Cuomo te ogmante objektif MWBE nan tout eta de 10 a 20 pousan e li te siyen yon dekrè egzekitif ak etabli yon ekip MWBE nan tout eta pou eksplòre fason pou elimine obstak epi elaji patisipasyon konpayi sa yo nan kontra eta.

Nan 2014, yon kantite inisyativ enpòtan ke ekip MWBE te mete delavan, enkli yon sistèm rapò sou entènèt amelyore, yon pwosesis sètifikasyon senplifye, ogmante inisyativ sansibilizasyon, ak yon pwogram kosyonman ke Eta-patwone, ki te ede ogmante itilizasyon MWBE odela de 20 pousan objektif ke Gouvènè a te fikse nan 2011.

Aprè li te fin depase objektif 20 pousan MWBE li a, Gouvènè a te yon fwa ankò ogmante etanda epi [fikse yon nouvo objektif nan tout eta](#) itilizasyon 30 pousan.

Sou lidèchip Gouvènè a, plis pase 4,300 MWBE te sètifye, plis pase 3,600 te re-sètifye, e biznis fi oswa sa minorite yo posede te garanti plis pase \$6.3 milya nan kontra eta. Kòm yon rezilta, sètifikasyon MWBE ak itilizasyon sou kontra eta te plis pase double nan sèlman senkan.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418